

Lekòl leta NYC ap lanse Jounen Aksyon pou Pwoteje Klima a

Pandan kat jou sa yo, chak lekòl nan Vil Nouyòk pral pran aksyon pou bati yon pi bon avni pou elèv nou yo ak planèt nou an.

Kisa aksyon pou pwoteje klima a ye?

Nenpòt aktivite ki fèt pou abòde pwoblèm klima a k ap chanje a kapab aksyon pou pwoteje klima a. Pifò aksyon pou pwoteje klima a tonbe nan de gwoup:

1

Diminye emisyon gaz ki rechofe tè a (greenhouse gas, GHG). Yo rele sa **“rediksyon/diminisyon.”**

2

Adapte avèk danje klima a, tankou lè li fè cho anpil oswa lè gen tanpèt. Yo rele sa **“adaptasyon.”**
(Sous: NASA)

Pou jounen aksyon pou pwoteje klima a, lekòl yo pral planifye aktivite k ap sèvi elèv pa yo pi byen. Y ap ka anseye elèv fason ki amizan pou gen yon enpak pozitif oswa selebre fason yo deja pran aksyon.

Lè pwofesè, estaf, ak elèv travay ansanm, **nou ka fè yon diferans!**

Jwenn plis enfòmasyon sou jounen aksyon pou pwoteje klima a:

schools.nyc.gov/ClimateActionDays



6 DESANM

Enèji




7 FEVRIYE

Fatra



17 AVRIL

Sante, byennèt,
ak espas vèt



12 JEN

Dlo